

GWARO RINOBATSIRA KUGARA ZVISINA NJODZI KUVAGARI VEKUNZE KWENYIKA

**EKUBATSIRA AVO VARIKUTARISIRA KUZOGARA
KUNZE KWENYIKA YAVO YECHIZVARWA**



IOM International Organization for Migration

ZVIRIMAERERANO NE IOM

Sangano re IOM ravambwa mugore ra 1951 kuti rishande pamwechete nehurumende kugarisa patsva vanhu vakange vasisina pekugara, vapoteri nevagari vekunedzimwe nyika dzeku Europe, iye zvino sangano iri rakura zvekuti mabasa aro ave kubata mhando dzakasiyana-siyana dzevagari vekune dzimwe nyika vanowanikwa pasi

rose. Mushure mekushanda nekuwana ruzivo rwakakosha kwemakore anosvika makumi mashanu, IOM rave sangano repamusoro-soro pasi rose rinoshanda nehurumende nevanhu vanotamira kune dzimwe nyika kuti vawane ruyamuro rwakakodzera kubva kuzvinetswa zvinowanika pakutama. ■



IOM International Organization for Migration



**GWARO RINOBATSIRA KUGARA
ZVISINA NJODZI
KUVAGARI VEKUNZE KWENYIKA**



**MAZANO EKUBATSIRA AVO VARIKUTARISIRA
KUZOGARA KUNZE KWENYIKA YAVO YECHIZVARWA**

ZVIRI MUKATI

■ KUGARA KUNZE KWENYIKA KUNOGONA KUPA MIKANA YEKUBUDIRIRA ASI KUNOGONA KUVA NENJODZI	5
■ MAGWARO EKUFAMBISA.....	6
■ MHANDO DZEMA VISA	7
■ MAGWARO ANODIWA PAKUSHANYIRA DZIMWE NYIKA	8
■ ZVINODIWA PAKUSHANYIRA NYIKA DZAKAVAKIDZANA NEZIMBABWE.....	8
■ KODZERO NEZVINOSUNGIRWA KUITWA NEVAGARI WEKUNEDZIMWE NYIKA	9
■ NJODZI INOSANGANIKWA NAYO NEVAKAGARA ZVISIRI PAMUTEMO	10
■ KUSUNGWA NEKUDZINGWA KWE VAGARI WEKUNEDZIMWE NYIKA	11
■ CHENGETEDZA HUTANO HWAKO.....	12
■ MA CLINIC ANORAPA ZVIRWERE ZVEPABONDE	12
(Sexually Transmitted Infections)	
■ NEW START, MAZANO ARI MAERERANO NEHIV NENZVIMBO DZEKUONGORORWA	13
■ ZIMBABWE PASSPORTS.....	15
■ DUTY	15
■ MA EMBASSIES NEMA CONSULATES KWAMUNGAWANE MA VISA NERUZIVO	16

KUGARA KUNZE KWENYIKA KUNOGONA KUPA MIKANA YEKUBUDIRIRA ASI KUNOGONA KUVA NENJODZI

Kugara kunze kwenyika kunogona kuunza mukana wekuwana basa, dzidzo kana kubatanidzwa nemhuri. Asika harisi tikiti chete rinodiwa kuti uyende. Unodawo magwaro akakodzera ekufambisa.

Mvumo yekufamba yakatanga kunetsa kubvira panguva yakarohwa chivakwa che Twin Towers ku New York musi wa 11 September 2001; kuwanikwa kwenzvimbo iri kufungidzirwa kuti inoshandiswa nevanhu vanoda kurwisa hurumende nechisimba ku South Africa nekuwanikwa kwemapasipoti eku South Africa mu United Kingdom akatorwa nenzira dzisina kururama. Kubva ipapo, Hurumende yeZimbabwe yakatanga kushanda pamwechete nehurumende dzenyika dzakaipoteredza, pamwechete nekusimbisira mashandiro enzvimbo dzekupinda nekubuda nadzo munyika, kubatsira kurwisa mabasa ehunyn'anyin'a pasi rose, kushandiswa kwevanhu mumabasa ekuita mari, nekuparwa kwedzimhosva. Mvumo yekugara kune dzimwe nyika yave kutora nguva refu kuti iwanikwe uye zvave kunetsa. Vashandi vepamiganhu vave kuwongorora mafambiro evanhu zvakasimba.

Vagari vekunedzimwe nyika vagere kana kushandira munyika dzisiri dzavo asi vasina magwaro akufambisa akakodzera vanoziyikanwa se vashanyi vasiri pamutemo. **VASHANYI VASIRI PAMUTEMO VANGANGO**

PINDA MUNJODZI YEKUDZVANYIRIRWA KANA KUSABATWA ZVAKANAKA.

Kana ukabatwa, unogona kudzingwa munyika nenzira isina kururama uyezve unogona kushaiswa mvumo yekushandisa kodzero yako yekutsvaga rubatsiro. Izvi zvine njodzi uyezve zvingango kuisa pachinzvimbo chekushandiswa nevanhu kuita mari kana kubatwa neHIV.

Saka zvakakosha kuti uzive kuti kufamba kune dzimwe nyika uine magwaro akakodzera ndiyo chete nzira yekunzvenga nayo njodzi. **ZVAKAKOSHAUO ZVAKARE KUTI UVE NERUZIVO RWAKAKWANA:** Ziva matambudziko aunogona kusangana nawo kana uchinge washanya kunze kwenyika usina magwaro ekufambisa, kana asiri echokwadi uye unofanirwa kuziva kwekuenda kana uchinge waomerwa pakushanya kwako.

Zvakakosha kuziva kuti kunyangwe zvazvo ukashanya kune imwe nyika zviripamutemo vashanyi vanowanano sangana nedambudziko rerusarura kana kusafarirwa nevagari vemunyika imomo.

SHANYAI KUNZE KWENYIKA ZVIRI PAMUTEMO, MOGARA PANZVIMBO DZAKAKODZERA, MUCHIBATSIRA KURWISA AIDS. ■

MAGWARO EKUFAMBISA

CHII CHINONZI GWARO REKUFAMBISA KANA KUTI PASIPOTI?

Iri igwaro rinopihwa nehurumende yemunyika mako rinoratidza kuti iwe ndiwe ani uye uri mugari wenyika iyoyo richikubvumidza kushanyira dzimwe nyika.

UNOFANIRWA KUVA NEGWARO IRI RE PASIPOTI KUTI UGONE KUBUDA ZVIRI PAMUTEMO KUBVA MUZIMBABWE.

Kuti uwane pasipoti unofanirwa kuenda ku Passport Office (kana mahofisi eHome Affairs ari mudunhu mako). Unofanirwa kuenda nezvinotevera:

- Birth Certificate (Gwaro rekuzvarwa)
- Mapikicha maviri ekuisa papasipoti
- Fomu repasipoti rakanyorwa zvese zvinodiwa
- Mari yekutoresa pasipoti
- Kutorwa kwema finger prints

CHII CHINONZI VISA?

Iyi imvumo inonamirwa mu pasipoti yako ichikupa mvumo yekupinda kana kupfuura nemunyika yaurikuda kana kuti dunhu renyika dziri pamwechete.

Nyika dzinosiyana pane zvadzinoda. Dzimwe dzinoda kuti utore visa usati washanya kunyika dzavo, dzimwe hadzina basa naro, zvichienderana nekuti uri kushandisa pasipoti yenyika ipi.

Unofanirwa kubvunza mumiririri wenyika yauri kuda kushanyira ari munyika mako kuti akuudze zvinodikanwa. Kana uchida

kushanyira nyika dzakapoterredza nyika yeZimbabwe, tarisa pa peji 8.

Kune mhando dzakasiyana-siyana dzema visa, zvichienderana nechikonzero chauri kuda kushanyira uyezve nezvinodikanwa nenyika yauri kuda kushanyira. Unogona kupiwa visa renguva pfupi kana renguva dzose. Ziva kuti kuva ne visa hazvireve kuti wapiwa mvumo yekupinda munyika yauri kuda kuenda kunyanya kana zvikaonekwa kuti zvikonzero zvekushanya kwako hazvisi kuwirirana nezvakanyorwa pa visa.

KUNYORESA VISA

Unoenda kumahofisi emumiririri wenyika yauri kuda kuenda. Vachakutaurira zvinodiwa nekukupa magwaro ekuti unyore. (Mazita nekunowanikwa vamiririri ava anowanikwa kumagumo kwegwaro rino. Unogona zvakare kuwana mazita aya pa internet www.SafeMigrationZimbabwe.com). Nyika dzakaita seUSA dzinoda kuti uve ne visa yekupfuura nayo munyika mavo. Kana uchikumbira visa taura chokwadi nekuburitsa pachena zvinangwa zvako. Nyatso wongorora zvakanorwa pa visa rako. Zvimwe zvacho hazvisi nyore kunzwisisa uyezve zvinogara zvakashandurwa nguva nenguva asi zvikurusa pasipoti yako inofanirwa kunge ichiri kushanda kwemwedzi mitanhatu inotevera.

NYATSO CHERECHEDZA ZVINODIWA PA VISA RAKO USATI WASIMUKA KUENDA PA RWENDO. ■

MHANDO DZEMA VISA

VISA RENGUVA PFUPI

- **Transit Visa:** Iri visa rinokupa mvumo yekugara pa airport yemunyika yauri kupfuura nemo wakamirira kuzokwira ndege yekuenda kunyika yauri kuda kuenda. United States ndiyo imwe yenyika inoda visa remhando iyoyi, iro rinongoshanda kwenguva pfupisa.

- **Tourist Visa:** Aya anowanzo shanda kwemwedzi mitatu, mamwe acho anowanzo bvumira kushanya kamwechete, kunze kwekunge zvakatonyorwa kuti ungarishandise zvinodarika kamwechete.

TOURIST VISA HARITENDERI KUTI USHANGE KANA KUDZIDZA MUNYIKA IYI.

- **Multiple entry visa:** Iri visa rinobvumira mushanyi kuuya achienda kakawanda uye rinoshanda kwemwedzi yakati kuti zvichienda nekuda kwenyika yauri kushanyira. Kune vanoshanya vari pazororo vanokwanisa kupiwawo visa rakadai.
- **Study visa:** Rinopihwa kune munhu arikuenda kunodzidza. Iri visa rinogona

kukutendedza kushanda munyika iyi asi pane mitemo inobata visa racho.

- **Temporary work visa:** Iri visa rinokupa mvumo yekushanda uri munyika iyi zviripamutemo kwenguva pfupi.

VISA REKUVA MUGARI WEMUNYIKA IYOYO

- **Work visa:** Iri visa rinoshanda chero pabasa ripi zvaro raunoda kunoita, ungave mushandi ari kunoshanda pakambani, kana kuzvishandira pachezvako.

- **Family reunion visa:** Iri visa nderekukupapa mvumo yekushanyira hama dzako dzinogara munyika yauri kushanyira.

- **Asylum or refugee status:** Iri visa rinopihwa kana wanzwirwa ngoni nenyika yauri kushanyira nekuda kwekuti dzimwe nguva hupeyu hwako huri munjodzi, kubva kune zvevatongerwo enyika kana chitendero chaunopinda kana kuti kunyika kwauri kubva hakuna kugadzikana kana kuti kune hondo. ■

MAGWARO ANODIWA PAKUSHANYIRA DZIMWE NYIKA

- Pasipoti ichiri kushanda, ichine mwedzi mitanhatu isati yapera kushanda.
- Visa rekupindisa munyika yauri kushanyira, ndokunge kana ichida visa.
- Kana uchifamba nendege, chiratidzo

chekuti mitero yepa airport yabviswa.

- Chiratidzo chekuti wakadzivirirwa kubva kuzvirwere. Izvi zvinodiwa nedzimwe nyika. ■

ZVINODIWA PAKUSHANYIRA NYIKA DZAKAVAKIDZANA NEZIMBABWE



SOUTH AFRICA

- Pasipoti ichiri kushanda, inofanirwa kunge ichiri kushanda kwema zuva 30 kubva pamusi wauchaita rwendo rwacho.
- Visa (kana uri pazororo, pabasa, kunorapwa kana kupfuura nemunyika iyoyo) Zvinотора mazuva 7 kuti visa ribude.

BOTSWANA

- Pasipoti ichiri kushanda, inofanirwa kunge ichiri kushanda kwemwedzi mitanhatu kubva pamusi wauchaita rwendo rwacho.
- Hakudiwe visa.
- Kana uchishandisa motokari: Panodiwa 120 pula yemugwagwa ne 20 pula ye insurance.
- Mishonga yekudzivirira malaria inokurudzirwa zvikuru.
- Mari inokwana kushandisa pakugara kwauchaita munyika iyoyi.

ZAMBIA

- Pasipoti ichiri kushanda, inofanirwa kunge ichiri kushanda kwemwedzi mitanhatu kubva pamusi wauchaita rwendo rwacho.
- Hakudiwe visa.
- Magwaro ekufambisa echimbi-chimbi anoshanda kwemwedzi mitanhatu.
- Chiratidzo chekuzvidzivirira kubva kuzvirwere kunyanya-nyanya yellow fever.
- Mari inokwana kushandisa pakugara kwauchaita munyika iyoyi ingave ma US dollar kana maKwacha ekuZambia.

MOZAMBIQUE

- Pasipoti ichiri kushanda, inofanirwa kunge ichiri kushanda kwemwedzi mitanhatu kubva pamusi wauchaita rwendo rwacho.
- Visa rinogona kuwanikwa pamuganhu wekupinda munyika iyi. ■

KODZERO NEZVINOSUNGIRWA KUITWA NEVAGARI WEKUNEDZIMWE NYIKA

VAGARI VESE WEKUNEDZIMWE NYIKA VANE MAGWARO NEVASINA VANE KODZERO DZAVO:

- Kodzero yekurapwa panguva yetsaona.
- Kodzero yekubvumirwa kutaura nevemhuri yako kana magweta kana wasungwa.
- Kodzero yekubatwa zvakanaka zvine rukudzo.
- Kodzero yekupihwa mukana wekuzvimirira wakakodzera usati wadzingwa kana kuiswa mutirongo.

Zvakakosha kuti vanhu vazive kuti kune dzimwe nyika kodzero idzi hadzisi kupihwa vanhu vanenge vasina magwaro akakwana ekufambisa. Ikodzera yako kubatwa zvakanaka.

VAGARI VESE WEKUNEDZIMWE NYIKA VANE MAGWARO EKUFAMBISA VANE DZIMWE KODZERO DZAVO:

- Kodzero yekuwana ruyamuro kubva kuHurumende (pakurapwa, dzidzo, pekugara, ruyamuro runopihwa vasingashandi nezimwewo.
- Kodzero yekubatanidzwa nemhuri yako - kubvumirwa kugara nemhuri yako munyika imomo.
- Kodzero yekufamba zvakasununguka paunoda.

- Panyaya yenguva dzekushanda, kushanda panguva dzezororo, insurance nemimwe migove, vashandi vekune dzimwe nyika vanekodzera yekubatwa zvakaenzana nezvizvarwa zvemunyika imomo.
- Vashandi vekune dzimwe nyika vane kodzero yekuva nhengo yemasangano anoona nezvevashandi.

TARISIRO KUBVA KUMUGARI WEKUNZE KWENYIKA

Kuchengetedza mitemo yenyika yauri kushanyira: Vamwe vagari vekunze kwenyika vanosungwa nepamusana pekutyora mitemo yenyika dzavari kushanyira; semuenzaniso, vamwe vanotyora mitemo yekufamba mumigwagwa kana kukwira mabhazi vasina tikiti. Ukasungwa unogona kutorerwa visa rako kana kudzingwa munyika umu.

Kugara munyika isiri yechizvarwa hausi mukana wekuwana basa nekutambira mari yakanaka chete - uyu mukana wekudzidza mamwe mabasa matsva, mitauro mitsva. ■



KUGARA KUNZE KWENYIKA ZVISINA KURURAMA KUITA SEI?

Vamwe vanhu vanowana zvichivanetsa kutevedza zvinodiwa kuti wawane magwaro ekufambisa akakodzera.

Nepamusana paizvozvo, vanhu vazhinji vari kunoshandira kunze kwenyika vari kuzvipira kunoshanda vasina magwaro akakodzera kana kushandisa magwaro asiwo. Vanhu ivava vanozivikanwa semugari asakarurama. Unogona kuva mugari asakarurama kana visa rako rapera kushanda, kana kunge usina kutevedza zvakanorwa pa visa rako (kufanana nekunge wave kuita basa risina kunyorwa pagwaro rinokubvumira kushanda munyika iyoyo).

Zvakakosha kuti uzive, usati waenda, kuti
**MUGARI ASAKARURAMA ARI PANJODZI
YEKUDZVANYIRIRWA KANA KUSABATWA
ZVAKANAKA.**

**MAMWE EMATAMBUDZIKO
ANOSANGANIKWA NAWO KANA
URI MUGARI ASAKARURAMA
ANOTI:**

- Unogona KURAMBIDZWA KUPINDA MUNYIKA IYOYO KANA KUBVA WADZOSERWA KWAWAKABVA kana vashandi vepamuganhu wekupinda nawo vaona kuti hausikukwanisa kusadzisa zvinodiwa kuti upinde munyika mavo, kana kuti vane zvikonzero zvinovaita kuti

vafungire kuti unoda kunotsvaga basa.

- Kana ukabudirira kupinda munyika imomo, unogona KUZODZINGWA kana zvaonekwa kuti uri kushanda usina magwaro anokutendera kushanda (zvika wakapinda ne tourist visa kana kuti hauna visa zvachose).
- Ukaita zvekudzlingwa munyika iyoyo unogona kurambidzwa kudzokera ikoko kwemakore anosvika mashanu kana kudarika.
- Ukashandisa gwaro remumwe munhu kuti uwane basa unogona kusungwa kana kudzingwa zvakare.
- Haukwanise kufamba wakasununguka nekutya kuti pamwe ungango batwa ukadzingwa kana kubvunzwa magwaro ekufambisa.
- Unozeza kushanyira kumusha nekutya kuti ungazotadza kudzokera kubasa kwako.
- Kana ukashanda pabasa usina magwaro akakodzera **UNOGONA KUSHANDISWA NEKUSABATWA ZVAKANAKA** nevashandirwi vako: unogona kutambirwa mari isina kukwana kana kusatambira zvachose kana kunyimwa zororo nekodzera dzemushandi. Hudzvanyiriri uhwu unogona kukonzera kuti madzimai pamwechete nevana vatarisane neHIV.
- Unogona kushaiswa kurapwa kwepachena kana kunemuripo uri pasi. ■

KUSUNGWA NEKUDZINGWA KWE VAGARI VEKUNEDZIMWE NYIKA

Huwandu hwevagari vekune dzimwe nyika avo vari kusungwa, kuiswa mujeri nekuzodzingwa nepamusana pekuwanikwa vachiedza kupinda munyika vasina ma visa, magwaro ekuvabvumira kushanda, kana kuwanikwa vaine magwaro asiri echokwadi, huri kuramba huchikura.

KODZERO YAKO KANA UCHINGE URI PAHUBATWA, MUJERI KANA KUDZINGWA MUNYIKA

Mitemo inogona kusiyana zvichienderana nenyika yacho asi pasi rose kodzero yevagari vekunedzimwe nyika kana vari muhubatwa, mujeri kana panguva yekudzingwa munyika ndeiyi:

- Kodzero yekupihwa muturikiri , kana usinganzwe mutauro wenyika iyoyo.
- Kodzero yekutaura kana kutsvaga rubatsiro kubva kuvamiriri venyika yekwawakabva.

- Kodzero yekutaura nemhuri yako kana magweta.
- Kodzero yekupihwa gweta pachena kana usinga kwanise kuzvitsvagira nekuda kwekushaya mari.
- Kodzero yekuramba kupa mashoko panguva yaunenge uri muhubatwa.
- HAUFANIRE kuparadzaniswa nevana vaunenge uchichengeta.
- Kana uchinge wapara tumhosva tuduku, haufanire kuiswa muhubatwa pamwechete nembavha dzemakoko.
- Ikodzero yako yekusashungurudzwa nemapurisa kana vezvemitemo.
- Hapana anofanirwa kukumbira chioko muhomwe kubva kwauri kana zvekurara nevasungwa-kadzi sezvo iri mhosva kuita izvozvo. ■

CHENGETEDZA HUTANO HWAKO

Tanga waona Chiremba wako usati waenda parwendo rwekune imwe nyika, uchibvunzisa zvaungaite kana pane chirwere chauinacho, bvunza kuti ndeapi majekiseni nemishonga zvaunofanirwa kutora usati waenda uyezve kana zvakakodzera kuzvidzivirira kubva kumalaria. Kana uine zvirwere zvinotambudza se BP kana chirwere che shuga (diabetes) takura mishonga yekurapa inokwanirana nemwedzi wese.

Zvinokoshawo zvakare kuti uzive mamiriro ako neHIV usati waenda. Kana ukaziva paumire izvi zvinobatsira kuti unyatso ronga nezveutano hwako nekuchengetedza muviri wako.

Kana uine utachiona hwe HIV kana kuti hauna, shandisa ma condom nguva dzose. Izvi zvinokudzivirira kubva muzvirwere zvepabonde, kusanganisa HIV pamwechete nekubata pamuviri usati wagadzirira.

Shanyirai **New Start** Centre iri pedyo kuti udzidzise pamwechete nekuongororwa nekupihwa mashoko anobatsira kuti ugare uine hutano hwakanaka.

Kana uchida kuziva zvimwe zviru maererano neHIV neAIDS enda ku www.fhi.org

Kana uchida kuziva zvimwe zviru maererano nezvirwere zvinowanikwa mudunhu pamwechete nemishonga yakakodzera enda pa internet pa World Health Organisation www.who.int/ith ■

MA CLINIC ANORAPA ZVIRWERE ZVEPABONDE (SEXUALLY TRANSMITTED INFECTIONS)

BEITBRIDGE

Dulibadzimu Clinic, Old location, Baghdad
Mon, Wed, Fri 6.00pm - 10pm

CHIRUNDU

Chirundu Clinic, Chirundu
Mon, Wed, Fri 6.00pm - 10pm

MUTARE

ZNFPC Clinic, 55-57 5th Street
Mon, Wed, Fri 6.00pm - 10pm

NYAMAPANDA

Nyamapanda Rural Health Center
Mon, Wed, Fri 6.00pm - 10pm

PLUMTREE

Dingumuzi Township Health Center
Mon, Wed, Fri 6.00pm - 10pm



NZVIMBO DZE NEW START DZAMUNOKWANISA KUNORAIRWA NEKUPIHWA MAZANO

HARARE

New Africa House
1st Floor, 40 Union Avenue
Tel: 04-775327/775927
Fax: 04-775911

Genesis

Savvas Flats
Cnr Nelson Mandela Ave/Fifth St
Tel: 04-797124
Tel/Fax: 04-797127

Wilkins Hospital

Genito Urinary Centre
Cnr. Princess Rd/
Rekai Tangwena Avenue
Tel: 04-740404/740321/740464
Fax: 04-741689

BULAWAYO

Bambanani Centre
4th Floor, Room 400 - 403
Corner 9th Avenue & Jason Moyo St.
Tel: 09-882690/882693
Fax: 09-882692

Nkulumane Clinic

Nkulumane Drive
Nkulumane
Tel: 09-482134

Matebeleland AIDS Council (MAC)

97A J.Tongogara Street
Tel: 09-62370
Fax: 09-61540

CHITUNGWIZA

Shop no. 32
Chitungwiza Town Centre
Tel: 070-30976
Tel/Fax: 070-30977

VICTORIA FALLS

Chinotimba Clinic
Chinotimba Road
Tel: 013-41501
Fax: 013-41500

GWANDA

1194, Big Ben Road
Jaunda (opp. Phumulani Hotel &
Red Cross)
Tel/Fax: 084-20812

GWERU

The Medical Centre
Mtapá Administration
Civic Centre,
Gweru
Tel/Fax: 054-20746



NZVIMBO DZE NEW START DZAMUNOKWANISA KUNORAIRWA NEKUPIHWA MAZANO

MUTARE

Red Cross Mutare Division
25 G.Silundika Street
Tel: 020-64412
Tel/Fax: 020-62120

TRIANGLE

The Colin Saunders Hospital
Tel: 033-6255/6387
Fax: 033-6504

MURAMBINDA

Murambinda Mission Hospital
Murambinda Growth Point
Tel: 021-2192
Fax: 021-2191

KADOMA

Kadoma Centre
Stand no. 6726, Mupamombe Rd
Rimuka,
Tel/Fax: 068-25057

GOKWE

Gokwe Centre
Stand number 385A, Gokwe South
Tel/Fax: 059-2922

MASVINGO

10 Hoffmeyer Road and
J/Tongogara Avenue
Tel: 039-62928
Tel/Fax: 039-62577

MAGUNJE

Magunje New Start Center
Hurungwe District council
Magunje Growth Point
Community Service Center
Tel: 064-6881/4

CONCESSION

North Eastern Medical Centre
Corner Craigengower Road
White Cliff Siding
Tel: 0756-2661
Fax: 0756-2368

CHINHOYI

Chinhoyi Provincial Hospital
Shandore Road
Tel: 067-25383/24420-5
Fax: 067-25383

Chidavaenzi Building

46 Midway Avenue
Tel/Fax: 067-27868

CHIREDDI

Chiredzi New Start Centre
Family Aids Counseling Trust
Stand 3246 Light Industrial Sites
Tshovani Township
Tel: 031-3375
Fax: 031-3002



ZIMBABWE PASSPORTS

Kana uchida pasipoti ye Zimbabwe enda ku

PASSPORT OFFICE

Makombe Building

Corner of Harare Street and Leopold Takawira Street

Phone (04) 702 295

Kana kuenda ku Passport Office dziri kuBulawayo, Gweru, Mutare and Masvingo.

DUTY

Kana uchida kubuda muZimbabwe kwenguva shomanana asi hauzive kuti kuchazodiwa mari ye 'duty' yakadii paunozodzoka nemidziyo yaunenge watenga, enda pa internet utarise pa Zimbabwe Revenue Authority www.zimra.co.zw kana kukumbira tumagwaro tunowanikwa panzvimbo dzekupinda nekubuda nadzo munyika. Usawanikwa usina mari yakwana yekubhadhara 'duty' yemidziyo yaunenge watenga kunze kwenyika. ■



MA EMBASSIES NEMA CONSULATES KWAMUNGAWANE MA VISA NERUZIVO

Australia (04) 253661;
29 Mazowe Street, Harare or
www.zimbabwe.embassy.gov.au or
email zimbabwe.embassy@dfat.gov.au

Botswana (04) 794645/7/8 or
793492/3; 22 Phillips Avenue, Harare

Canada (04) 252181; 45 Baines
Avenue, Harare or www.harare.gc.ca
or email harare@international.gc.ca

France (04) 703216 or 706780;
11th floor, First Bank Bldg, 74-76
Samora Machel Avenue, Harare
www.ambafrance-zw.org

Germany (04) 308655;
30 Ceres Road, Harare or email
germanemb@earth.co.zw

Malawi (04) 798584/5/6;
9 & 11 Duthie Road, Alexandra Park,
Harare or email
malahig@africaonline.co.zw

Mozambique (04) 253871;
152 Herbert Chitepo Avenue, Harare
or email emba@embamoc.org.zw

Namibia (04) 885841 or 882709;
69 Borrowdale Road, Harare or email
namic@africaonline.co.zw

South Africa (04) 753147;
7 Elcombe Avenue, Harare or email
dhacon@mweb.co.zw

UK (04) 772990; 7th fl, Corner
House, corner Leopold Takawira Street
& Samora Machel Avenue, Harare or
www.britainzw.org; or
www.ukvisas.gov.uk or email
consular.harare@fco.gov.uk

USA (04) 250594; Arax House,
172 Herbert Chitepo Avenue, Harare
or www.usembassy.state.gov/zimbabwe
or email consularharare@state.gov

Zambia (04) 773777; 6th fl,
Zambia House, 48 Union Avenue,
Harare or email
zambiae@mweb.co.zw

Kana uchida ruyamuro nemashoko ari maererano nemafambisirwo evanhu
vachishandiswa zviri kunze kwemitemo ridza runhare ku IOM:

South Africa: 0800555999

Zambia: (01) 256 701

Zimbabwe: (04) 335 044